



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PLIS PASE 600 EGZÈSIS KONJWEN
KONT TEWORIS ATRAVÈ ETA NEW YORK LA AN 2021**

Ekip kont teworis yo te fè egzèsis nan yon varyete biznis, sit enfrasstrikti ak estasyon ray enpòtan yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo te fè plis pase 4,200 Egzèsis nan tout eta a depi 2016

Yo ankouraje sitwayen yo pou yo pran prekosyon ak anviwònman yo pandan jou ferye yo

Detekte ak rapòte aktivite sispèk bay fòs lòd yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Kont Teworis (Office of Counter Terrorism) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) te fè egzèsis antredman nan plis pase 600 lokal nan tout eta a an 2021. Ekspè kont teworis yo ki soti nan ajans eta ak lokal yo te konplete egzèsis pou evalye kapasite biznis yo pou rekonèt ak rapòte aktivite sispèk nan prèske chak konte nan eta a. Yo deja fè plis pase 4,200 egzèsis atravè New York depi 2016.

"Kòm Gouvènè, mwen toujou vle asire Nouyòkè yo an sekirite epi yo pare pou nenpòt ak tout risk ki menase sekirite kolektif nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Egzèsis anyèl sa yo enpòtan anpil pou efò sa a paske yo non sèlman ede asire biznis yo nan tout eta a konnen kijan pou yo idantifye aktivite ki sispèk yo, men konprann pwòp responsablite pa yo ak fason pou yo fè yon rapò tou."

Biwo Kont Teworis la te fè patenarya ak plis pase 360 pèsonèl fòs lòd ki soti nan 76 ajans pou fè egzèsis yo. Ekip yo te fè egzèsis yo nan yon pakèt biznis ki ofri pwodwi oswa sèvis ki ta ka itilize nan konplo teworis potansyèl yo. An 2021, ekip yo te travay ak kenkayri ak magazen materyo konstriksyon; otèl ak motèl yo; gwosis yo; konpayi lokasyon veyikil yo; enstalasyon lapòs prive; detayan UAS oswa dròn; magazen founiti agrikòl; makèt; magazen ekipman pou bote ak zong; magazen founiti pou pisin; enstalasyon depo pou sèvis lib, ak magazen zam ak espektak. Ekip yo te evalye tou 70 lokal enfrasstrikti enpòtan ke teworis yo te kapab eksplwate oswa vize pou yon atak. Egzanp kote yo enkli sant komèsyal yo, kolèj ak inivèsite yo, ayewopò yo, sant transpò piblik yo, sit pou pèfòmans yo ak lòt kote yo fè rasanbleman an mas yo.

Komisè pa Enterim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare "Divizyon nou an pran angajman pou l ede pwoteje sitwayen New York yo, ansanm ak lokal enfrastrikti enpòtan eta yo, kont zak teworis yo. Mwen remèsye tout moun ki patisipe nan egzèsis sa yo ak patnè nou yo nan fòs lòd la paske yo ede sansibilize sou endikatè kle aktivite sispèk yo. Mwen ankouraje biznis yo ak piblik la pou yo pran prekosyon sou anviwònman yo epi pou yo rapòte aktivite ki sispèk yo bay Liy Konsèy kont Teworis Eta New York la nan 1-866-SAFENYS."

Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare, "Edike biznis ak piblik lan sou kijan pou detekte aktivite ki sispèk yo epi enfòmè fòs lòd yo, sa se yon pati enpòtan nan pwoteje kominote nou yo kont menas teworis yo. Nou pran angajman pou nou fè tout sa ki nesèsè pou asire premye sekouris lokal yo ak eta yo pare pou reponn ak diminye nenpòt kalite sityasyon ijans. Egzèsis tankou sa yo ede nou amelyore pwotokòl sekirite ki egziste deja yo epi ede nou prepare pou nou travay men nan men si yon katastwòf ta frape epi finalman, kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Operasyon NY SECURE

Anplis pase 600 egzèsis yo, Divizyon an te fè patenarya ak ajans fòs lòd federal, eta ak lokal yo nan "Operasyon NY-SECURE" pou fè aktivite kont teworis ak entèvansyon nan ka ensidan sou wout Amtrak ak liy transpò MTA yo. Objektif operasyon an se pou amelyore kowòdinasyon ak repons ant ajans lapolis wout tren an yo ki responsab pou chak estasyon yo, ak ajans fòs lapolis eta ak lokal yo k ap reponn lè gen ijans nan lokalite sa yo. Detay vizib, pwoaktif sa yo gen ladan yo patwouy ki pi entans sou platfòm yo, ogmantasyon prezans fòs sekirite sou tren yo, rechèch ak chyen ki espesyalize nan deteksyon eksplozif, ak mezi kont-siveyans yo. An 2021, Operasyon NY-SECURE te konplete 74 detay atravè eta a. Ekip yo te fè 62 detay nan yon sèl estasyon atravè eta a, ak 12 egzèsis nan plizyè estasyon nan estasyon Amtrak ak MTA otou Empire Line. Depi kreyasyon pwogram nan an 2018, ekip ki fòs lòd yo te fè plis pase 215 detay atravè eta a. Detay yo pral kontinye an 2022.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [paj Facebook](#) la, swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa vizite dhSES.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)